

## Feminis yo di NON ak mannèw pou fè kriz nasyonal la vin pi grav

Òganizasyon feminis yo kondane ak tout fòs yo zak ansasinay lach ki fèt, 28 out, sou Mèt Monferrier Dorval, batonye lòd avoka Pòtoprens. Nou prezante kondoleyans nou bay fanmi, kolèg ak zanmi Mèt Dorval. Nou wete mouka nou pou salye kokenn kontribisyon sitwayen sa a pote ak kouraj pou konstwi yon Leta demokratik ki chouke nan lalwa.

Krim san parèy sa a fèt nan yon kontèks nwizans ki make ak divès kò ansasinay, zak kidnaping ak atak gang ame ap plede fè sou popilasyon an nan anpil zòn nan peyi a, espesyalman nan katye defavorize yo. Ekzakasyon ak viktim fè mikalaw, atò ti bebe pa epanye. 31 out, yon lòt fwa ankò, popilasyon Belè a nan Pòtoprens sibi atak vyolan gang yo, san yo pa jwenn bon jan pwoteksyon otorite yo. Dwa pou lavi ak sekirite pase anba pye, epi atoufè kontinye aji san kè sote, granmesi enpinite ak sitirans, ale wè konplisite pouvwa an plas la.

Ak delenkans ame sa a, vyolans sou fanm pa sispann miltipliye. Kò fanm ak tifi se teritwa lagè ak yon dividal kadejak endividyèl ak kolektif. Vyolans ekonomik fè fanm yo pi frajil ankò. Byen souvan, yo oblije kouri deplase ak timoun yo, e anjeneral se pou kont yo y ap pote responsablite okipe yo.

Òganizasyon feminis yo denonse fason kriz nasyonal la ap anvlimen. Kriz la jwenn jarèt nan awogans Ekzekitif la ki derefize admèt peyi a pa vle kontinye ak mòd pouvwa sa a. Prezidan Jovenel Moïse pretann li ka monte yon nouvo Konsèy elektoral pwovizwa (KEP). Feminis yo te klè sou sa ak Ekzekitif la : yo pa p chwazi fanm pou ale nan KEP la. Jodi a, apre demach an degrennen bò kote sektè yo pa bay rezilta, pouvwa a ap chache taye yon KEP sou mezi li, epi li fabrike yon demand pou refè Konstitisyon an. Feminis yo revòlte fas ak mannèw pouvwa a. Mannèw pou kase sektè yo an miyèt moso epi pou divize yo. Mannèw pou kreye yon klima ki pou kase tout fòm mobilizasyon popilè. Tout sa, se nan lide pou òganize eleksyon. Nan kontèks sa a, pa fouti gen eleksyon san paspouki, kredib, ni ki bon pou demokrasi.

Òganizasyon feminis yo rete kanpe djanm bò kote tout fòs k ap chache chanjman, k ap mande jistis pou Mèt Dorval ak pou tout lòt viktim ekzakasyon yo, espesyalman pakèt fanm ak tifi ki sibi vyolans anba men gang yo. Feminis yo ap kontinye pèsevere nan angajman yo pou dwa moun, pou dwa fanm, epi pou dwa sitwayèn ak sitwayen genyen pou yo chwazi, kontwole epi sanksyone dirijan yo.

3 septanm 2020.

Pou otantifikasyon : Yolette Andrée Jeanty, Kòdonatris Kay Fanm

Kontak : [admin@kayfanm.org](mailto:admin@kayfanm.org) // Telefòn: 34 33 78 32 - 33 35 73 70

Siyatèz yo :

1. Kay Fanm
2. SOFA - Solidarite Fanm Ayisyèn, Sabine Lamour, Kòdonatris jeneral
3. AFASDA - Asosyasyon Fanm Solèy D Ayiti, Elvire Eugène, Direktris ekzekitiv
4. Fanm Deside, Marie Ange Noël, Kòdonatris
5. REFRAKA - Rezo Fanm nan radyo kominotè ayisyen, Marie Guyrleine Justin, Direktris ekzekitiv
6. GADES - Groupe d'appui au développement du Sud, Mutsuka Charles, Kòdonatris
7. Fanm Yo La, Eloïse Massini Dorléans, Kòdonatris jeneral
8. Nègès Mawon, Pascale Solages, Kòdonatris jeneral
9. Fondation TOYA, Nikette Lorméus, Prezidan Konsèy direksyon
10. Sabine Manigat, féministe indépendante.